



Pou Piblikasyon Imedya: 10/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN YON GWO KONSTRIKSYON KI KONPLÈ NAN ENVESTISMAN 19.4 MILYON DOLA SOU STATE ROUTE 390 NAN KONTE MONROE

Amelyorasyon pave ak pon pou prèske 80,000 itilizatè otowout la chak jou

Investisman an konplete "Finger Lakes Forward" – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmman gwo konstriksyon an konplè sou yon pwojè 19.4 milyon dola ki reyabilite 27.36 kilomèt pave ak amelyore sis pon sou State Route 390 ant Lexington Avenue ak State Route 104 (Ridge Road) nan Vil Gates ak Greece nan Konte Monroe, amelyore vwayaj pou prèske 80,000 otomobilis ki itilize chak jou koridò sa a. Pwojè sa a, ki te kòmanse nan mwa avril 2022, bati sou yon investisman prèske 192 milyon dola nan dènye ane yo sou tout koridò a, ki gen ladan pwojè echanjè I-390/I-490 ki fèk fini.

"Gwo koridò sikilasyon tankou State Route 390 se pwen ankraj nan ekonomi rejyonal nou yo - ki ankouraje investisman ak ekspansyon nan Finger Lakes ak pi lwen," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Administrasyon mwen an ap bay investisman istorik nan enfrastrikti pou asire vyabilite alontèm kominote nou yo epi pou katalize kwasans ak inovasyon nan tout Eta New York la."

Ansanm ak estabilizasyon pave a nan limit pwojè yo, pwojè sa a te amelyore anpil rezistans ak dire lavi sis pon ki travèse otowout la sou Lexington Avenue, Weiland Road ak Latona Road pa:

- Enstalasyon nouvo teras sou tout sis pon yo, pandan y ap itilize beton entèn ki andisi ki pi pèfòman sou estrikti yo, ki diminye fisi ak pèmeyabilite, epi pwolonje dire lavi pon yo.
- Enstalasyon ba ranfòsman an asye ki kouvri ak epoksi pou anpeche kowozyon.
- Mete an plas nouvo baryè pon an beton gwo rezistans ki pwoteje otomobilis yo nan ka ta gen yon kolizyon.

Anplis de sa, pwojè sa a pèmèt pou remete an eta ranp antre ak sòti otowout, ranp aksè ak siyal trafik yo pou ranfòse sekirite milti-modal.

Achèvman pwojè sa a pote investisman total sou pati sa a nan koridò 390 ki nan vil Gates ak Greece prèske 192 milyon dola nan dènye ane yo, ki gen ladann [pwojè echanjè I-390/I-490](#) ki fini an 2021 ak [Pwojè Ekstansyon Santye Route 390](#) ki fini an 2022. Lòt investisman resan nan I-390 nan rejyon an gen ladan [pwojè reyabilitasyon 35 milyon dola](#) ant sòti 10 ak 12 nan konte Monroe ak Livingston, te fini an 2022, ak pwojè reyabilitasyon 27 milyon dola projè reyabilitasyon ant Sòti 8 ak 10, ki ta dwe fini pa pita nan ane sa.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Modènizasyon enfrastrikti nan rejyon Finger Lakes la esansyèl anpil pou asire kwasans rejyon an alavni, epi investisman sible ke DOT te fè nan koridò transpò esansyèl sa a nan jenerasyon an - investisman ki fè yon diferans reyèl nan lavi Nouyòkè yo. Plizyè dizèn milye moun itilize koridò sa a chak jou pou yo rive kote yo bezwen ale yon fason sekirize ak efikas, epi pwojè sa a ki fèk fini pral asire rezistans estriktirèl ak yon sifas ki pi lis pou moun ki depann de koridò sa a pou yo rive kote yo bezwen ale chak jou."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Achèvman sis pwojè pon sa yo make yon etap enpòtan nan efò nou pou amelyore enfrastrikti transpò k ap fin vye ak pi byen reponn ak bezwen vwayajè ak vizitè Rochester yo. Mwen rekonesan anvè Depatman Transpò (Department of Transport, DOT) Eta New York ak Gouvènè Hochul pou travay kontinyèl yo fè pou amelyore sekirite ak aksè epi asire pwogrè rejyon Finger Lakes alavni."

Senatè Eta a Jeremy Cooney te deklare, "Plizyè dizèn milye chofè ki pase nan wout 390 lan chak jou bezwen yon trajè ki sekirize epi ki fyab. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak NYSDOT paske yo bay reparasyon ak amelyorasyon sa yo priyorite epi paske yo asire yo wout ak pon nou yo ap kontinye pi byen sèvi rezidan ak vizitè nou yo nan kominote nou an pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble Demond Meeks, te deklare, "State Route 390 la se yon chemen esansyèl ke plizyè milye rezidan ak fanmi nou yo itilize chak jou. Amelyorasyon sa yo pral dirèkteman kontribiye nan sekirite ak byennèt rezidan nou yo atravè Vil Gates ak Vil Rochester. Pandan efò revitalizasyon yo ap kontinye nan tout Rejyon Finger Lakes, nou dwe asire tou ke koridò sikilasyon prensipal yo tankou Route 390 ki relye dirèkteman manm kominote nou an ak resous ak opòtinite lokal yo alafwa fyab epi aksesib. Mèsi Gouvènè Hochul ak manm Depatman Transpò Eta New York paske yo kenbe angajman yo anvè pèp Greater Rochester."

Manm Asanble Josh Jensen te deklare, "Achèvman travay konstriksyon sou State Route 390 se yon devlopman enpòtan epi li make yon etap enpòtan nan efò k ap kontinye pou amelyore enfrastrikti, amelyore sekirite ak sipòte kwasans ekonomik nan zòn nou an. Lè nou investi nan enfrastrikti, nou pa sèlman asire depلاسman ki pi an sekirite ak pi efikas pou tout moun, men tou nou ap mete baz pou devlopman alavni. Pwojè sa a se te yon efò kolaborasyon epi mwen vle eksprime rekonesans mwen bay Depatman Transpò Eta New York la ak tout travayè ki te dedye tan yo ak efò yo pou reyalize pwojè sa a."

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam J. Bello te deklare, "Mwen rekonesan pou investisman Gouvènè Hochul te fè nan amelyorasyon sa yo ki nesèsè pou pon yo nan State Route 390. Amelyorasyon enfrastrikti sa yo fè wout nou yo vin pi an sekirite epi amelyore eksperyans depласman pou otomobilis nan tout rejyon nou an. Mesi, Gouvènè. Hochul, pou sipò inebnanlab ou."

Sipèvizè Vil Gates Cosmo A. Giunta te deklare, "Mwen apresye epi mwen vle remèsye Gouvènè Hochul pou investisman k ap kontinye ak pèmanan nan enfrastrikti rezidan nou yo depann de yo. Sa ki pi enpòtan, amelyore rezistans ak sekirite wout ak pon sou koridò I-390 nan Vil Gates."

Sipèvizè Vil Greece la, Bill Reilich te deklare, "Amelyorasyon sekirite wout ak pon ki pral gen yon enpak solid sou rezidan nou yo ak moun ki deplase pou vini ak soti nan Vil nou an lè l itilize wout prensipal sa a. Nou apresye investisman Gouvènè a ap reyalize ak efò ki jwenn sipò pou kenbe enfrastrikti vil nou an solid ak vital. Nou sèten sa pral ede amelyore sekirite chofè nou yo epi pral gen yon efè pozitif sou ekonomi lokal nou an."

Enfòmasyon sou Depatman Transpò

Depatman Transpò Eta New York ap fè efò pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekitab, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta New York.

Lavi yo andanje; ralanti ak mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou [Facebook](#), swiv nou sou [X](#) oswa [Instagram](#), oswa vizite [sitwèb](#) nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](#) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a vin konplemante "Finger Lakes Forward", ki se plan konplè rejyon an pou jenere kwasans ekonomik djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt sou plan rejyonal la konsantre sou envesti nan endistri kle yo sa enkli fotonik, agrikilti ak pwodiksyon manje, ak manifakti avanse. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](#)
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](#) | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](#) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)